

BAB I

BUBUKA

1.1.1 Kasang Tukang Masalah

Sastra téh hasil karya manusa nu diébréhkeun ngaliwatan ide atawa gagasan dina wangun tulisan. Dina karya sastra nyampak unsur kaéndahan (éstétis) boh nu nyamuni boh nu nembrak. Éta hal nuduhkeun yén sastra bagian tina seni. Ari nu disebut sastra Sunda téh sastra anu gelar dina basa Sunda. Gumelarna karya sastra Sunda tangtu jadi hiji hal anu hadé keur urang Sunda. Salian ti ngabeungharan karya sastra Sunda, gelarna karya sastra nuduhkeun éksisténsi urang Sunda nu teu bisa diapilainkeun.

Ka béh dieunakeun mah, karya sastra Sunda téh beuki kurang minat pamacana. Ieu hal luyu jeung pamadegan Rosidi (2011, kc.112) anu nyebutkeun yén beuki dieu tradisi maca bacaan basa Sunda beuki ngipisan. Karep masarakat Sunda kana ngaaprésiasi karya sastra pohara handap. Ieu hal katitén tina minat pamaca masarakat Sunda kana buku-buku Sunda utamana karya sastra. Patali jeung éta hal, Rosidi (2011, kc.111) ngébréhkeun yén nu maraca sastra Sunda ayeuna jumlahna henteu réa. Henteu saimbang jeung beuki nambahanana urang Sunda nu terus baranahan tur henteu saimbang deuih jeung beuki naékna jumlah urang Sunda anu sarakola. Tina éta pamadegan katitén yén masarakat Sunda réréana mah geus teu maliré kana bahan bacaan sastra Sunda.

Lian ti éta, panalungtik ogé nimu pasualan anu pakaitna jeung minat baca kana bacaan Sunda utamana karya sastra Sunda, nyaéta di kalangan barudak sakola. Ieu hal kabuktian waktu PPL lumangsung (Oktober, 2016), panalungtik kungsi nataan siswa-siswa anu keur ngayakeun kagiatan *literasi*. Dina kagiatan *literasi*, aya sababaraha siswa nu keur nyekel buku karya sastra Sunda saperti novél, dongéng, jeung carpon. Sabada dititénan, siswa nu kabagéan buku Sunda henteu maliré kana buku nu dicekelna. Éta buku ngan ukur jadi sarat maca dina kagiatan *literasi* kalayan minat kadariaanana anu masih kénéh handap.

Nilik kana pasualan di luhur, katitén yén karep maca siswa kana maca karya sastra Sunda masih kénéh handap, sabab sabada disalusur siswa leuwih

resep maca karya sastra Indonesia. Kekecapan anu ahéng tur teu dipikaharti ku siswa dina sastra Sunda, jadi salah sahiji hal anu ngalantarankeun kurangna karep siswa dina maca karya sastra Sunda. Nu matak karya sastra Sunda kurang ngirut panitén siswa.

Disawang tina jihat wangunna, sastra téh kabagi tilu nyaéta prosa, puisi jeung carita drama. Dina ieu panalungtikan, panalungtik museurkeun panitén kana karya sastra wangun prosa nyaéta novél. Novél téh salah sahiji karya sastra wangun prosa anu caritana panjang. Carita dina novél ilaharna hasil rékaan pangarang. Minangka hasil rékaan, eusi caritana bisa méré kesan lir nu nyata kajadian. Caritaan dina novél bisa ngagelarkeun rupa-rupa kajadian tur sacara lalusa ngagambarkeun jalan carita sakumaha kahayang pangarang. Tarigan (2015, kc.167) nétélakeun yén novél nyaéta hiji carita prosa nu ukuranana panjang tur tangtu, sarta eusina ngagambarkeun para tokoh, gerak jeung adegan kahirupan manusa nu nyata sacara répréséntatif anu dibeungkeut ku alur nu jelas tur sifatna fiksi.

Wangun karya sastra anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta novél nu judulna *Déng* karangan Godi Suwarna. Eusi carita dina éta novél mibanda tanda nu nyamuni tina unggal kekecapana. Boh dina basana boh dina caritana. Ari Godi Suwarna téh nyaéta salah sahiji pangarang katut panyajak Sunda nu kawilang onjoy dina widang kasusastraan.

Godi Suwarna kungsi sababaraha kali dilélér hadiah sastra, ti Lembaga Basa jeung Sastra Sunda, Paguyuban Pasundan, jeung majalah *Manglé*. Naskah novélina anu judulna *Déng* ogé kungsi dilélér Hadiah Sastra Oeton Moehtar taun 2000. Salian ti ngarang, anjeunna ogé resep maén sandiwara jeung maca sajak. Kapunjulan dina widang kasusastraan kacida hadéna. Godi Suwarna ogé kasohor ku gayana nu apik dina ngulinkeun basa.

Ku kituna, novél *Déng* karangan Godi Suwarna dijadikeun objék dina ieu panalungtikan. Kekecapan nu aya dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna mibanda diksi nu kudu diteuleuman sacara gemet. Nu matak, panalungtik ngayakeun panalungtikan dina ulikan sémiotik kana éta novél.

Ulikan sémiotik anu dilarapkeun kana novél *Déng* téh minangka hiji tarékah ti panalungtik sangkan kapanggih hal-hal atawa harti kecap anu dimaksud tina kekecapanana. Éta hal nuduhkeun yén karya sastra téh mangrupa struktur tanda-tanda anu miboga ma'na. Sémiotik mangrupa élmu tanda anu ngawengku ikon, indéks, jeung simbol. Dina karya sastra, tiori sémiotik digunakeun pikeun nyungsi harti jeung ma'na tanda-tanda anu nyampak dina karya sastra. Peirce (dina Isnendes, 2010b, kc.95-96) ngébréhkeun yén tanda dibédakeun jadi tilu rupa dumasar kana sifat nu matalikeun antara tanda jeung dénotatumna, nyaéta ikon, indéks, jeung simbol.

Luyu jeung pamadegan Peirce, Isnendes (2010a, kc.57) nyebutkeun sémiotik mangrupa élmu tanda anu nuduhkeun yén tanda minangka hiji hal anu ngawakilan hal séjén. Cindekna, sémiotik mangrupa élmu tanda anu maluruh sagala hal minangka wakil tina hal nu séjén. Hal nu ngawakilanana disebut pananda (tanda), sedengkeun nu diwakilanana disebut patanda (makna).

Salian ti éta, eusi carita novél *Déng* karangan Godi Suwarna ogé bisa dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola, hususna di kelas XI SMA ngaliwatan pangajaran maca novél. Éta pangajaran kudu bisa dimangpaatkeun ku guru, sabab réa kénéh siswa nu teu wanoh tur teu kairut paniténa kana karya sastra Sunda hususna novél. Dina pangajaran maca novél, tangtu siswa diwanohkeun heula kana téks atawa wujud novélina. Éta hal pohara penting dina pangajaran maca novél, sabab saupama taya wujud kongkritna tangtu bakal hésé dina nepikeun pangajaran nu hayang dihontal dina tujuan pangajaran.

Nilik kana KIKD taun 2013, KD 11.3.4 anu eusina patali jeung pangajaran maca novél, tangtu aya tujuan nu hayang dihontal dina pangajaran ngaliwatan kurikulum 2013. Dina KD 11.3.4 nu eusina meredih tarékah ti guru sangkan siswa bisa maluruh, ngaidéntifikasi, jeung nganalisis novél luyu jeung kaédahna. Ku kituna, ieu panalungtikan dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola sangkan siswa bisa wanoh kana karya sastra Sunda tur bisa méré pangaweruh sarta pamahaman kana ngaapprésiasi karya sastra.

Panalungtikan ngeunaan novél Sunda disawang tina jihat sémiotik ogé kungsi aya nu nalungtik. Panalungtikan anu patalina jeung ulikan sémiotik nyaéta

Elsye Priandini Riyadi taun 2013, “Analisis Struktural jeung Semiotik dina Novel *Saudagar Batik* Karangan Ahmad Bakri pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMA”; jeung Alan Sunda Laksana taun 2016 “Analisis Struktural jeung Sémiotik dina Novél *Saéni* Karangan Hadi AKS pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di SMA”. Dina panalungtikanana, Elsyé jeung Alan papada ngagunakeun ulikan struktural jeung sémiotik. Bédana, ieu panalungtikan mah ngan saukur ngagunakeun ulikan sémiotik wungkul. Lian ti éta, bébédaan séjénna aya dina objék. Objék anu ditalungtik ku panalungtik jeung panalungtikan di luhur tangtu teu sarua. Sanajan masih dina wangun karya sastra nu sarua nyaéta prosa. Elsye ngagunakeun novél *Saudagar Batik*, ari Alan ngangunakeun novél *Saéni* minangka objékna, sedengkeun panalungtik nmah gagunakeun novél *Déng* karangan Godi Suwarna minangka objékna.

Salian ti éta, aya ogé panalungtikan séjén nyaéta Nevía Dwi Putri Junaedi taun 2015, “Kajian Struktur Jeung Semiotik kana Rumpaka *Panambih Sanggian Mang Engkos* pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA”. Éta panalungtikan ogé sarua maké ulikan sémiotik. Bédana, sarua jeung panalungtikan anu dipedar di luhur, tapi dina objékna Névia henteu ngagunakeun novél. Dina panalungtikanana Névia ngagunakeun Rumpaka *Panambih Sanggian Mang Engkos*.

Novél *Déng* karangan Godi Suwarna ogé kungsi aya nu nalungtik dina wangun skripsi anu judulna “Analisis Komparatif Aspék Sosiologi Sastra dina Kumpulan Carpon (*Murang-Maring* jeung *Serat Sarwasastra*) jeung Novél (*Sandékala* jeung *Déng*) Karangan Godi Suwarna” ku Ari Andriansyah taun 2010. Dina éta panalungtikan, Ari museur kana babandinganana antar objék anu ditalungtikna jeung kaasup analisis murni sosilogi sastra, sedengkeun panalungtik leuwih museur kana novél *Déng* kalayan ulikan sémiotik anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran. Lian ti Ari, novél *Déng* kungsi ditalungtik ku Deri Hudaya taun 2012 nu judulna “Kajian Psikologi Humanistik kana Novél *Déng* Karya Godi Suwarna pikeun Bahan Pangajaran Apresiasi Sastra di SMA”. Dina panalungtikanana, Deri leuwih museur kana struktural (fakta carita) jeung aspék psikologi humanistikna, sedengkeun dina ieu panalungtikan mah leuwih museur kana sémiotikna. Sanajan objék anu digunakeunana sarua, tapi péso analisis atawa

ulikan anu digunakeunna téh béda. Ku kituna, maksud jeung eusi hasil panalungtikanna ogé tangtu béda.

Dumasar kana éta hal, panalungtikan ngeunaan Ulikan Sémiotik dina Novél *Déng* Karangan Godi Suwarna pikeun Bahan Pangajaran Maca Novél di Kelas XI SMA tacan aya nu nalungtik jeung perlu ditalungtik.

1.2 Idéntifikasi jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Idéntifikasi Masalah

Idéntifikasi masalah dina ieu panlungtikan nyaéta asorna pangaweruh siswa kana élmu tanda nu ngajadikeun siswa hésé maham kana eusi novél sacara gembang. Ku kituna, ieu panalungtikan museur kana unsur sémiotik anu nyampak dina novél *Déng* nu satuluyna ieu hasil panalungtikan dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca novél di sakola.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, aya sababaraha patalékan nu patali jeung ieu panalungtikan. Anapon ieu di handap dirumuskeun masalah nu baris ditalungtik.

- 1) Unsur sémiotik naon waé nu aya dina novél *Déng*?
- 2) Kumaha larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca novél di kelas XI SMA?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung masalah di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan nu kabagi jadi tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan, dipiharep bisa méré informasi pikeun kamekaran sastra jeung bahan informasi ka masarakat umum. Lian ti éta, ieu hasil panalungtikan bisa jadi bahan awal panalungtikan saterusna jeung pikeun ngalegaan pangaweruh nu patali jeung basa katut sastra.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskrripsikeun:

- 1) unsur-unsur sémiotik nu aya dina novél *Déng*; jeung
- 2) larapna hasil panalungtikan pikeun bahan pangajaran maca di kelas XI SMA.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat tina ieu panalungtikan ngawengku dua mangpaat, diantarana:

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat tioritis, saperti ieu di handap:

- 1) ieu panalungtikan bisa ngeuyeuban élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra, hususna novél *Déng* karangan Godi Suwarna;
- 2) bisa dijadikeun rujukan jeung pilihan dina nangtukeun bahan pangajaran di sakola hususna kelas XI;
- 3) bisa dijadikeun referénsi pikeun panalungtikan séjénna anu aya patalina jeung novél *Déng* karangan Godi Suwarna.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan dipiharep bisa miboga mangpaat kayaning ieu di handap:

- 1) pikeun panalungtik, bisa mikanyaho leuwih teleb ogé ngajembaran pangaweruh ngeunaan unsur-unsur sémiotik nu nyampak dina novél *Déng* karangan Godi Suwarna;
- 2) pikeun siswa, bisa dipaké dina mikawanoh karya sastra Sunda hususna novél. Tuluy bisa nambahan élmu pangaweruh ngeunaan karya sastra Sunda;
- 3) pikeun guru, bisa ngajembaran pangaweruh dina mekarkeun bahan ajar di sakola ngeunaan karya sastra hususna novél;
- 4) pikeun lembaga sakola, bisa jadi kontribusi bahan bacaan di sakola;
- 5) pikeun masarakat, dipiharep bisa numuwuhkeun karep masarakat kana ngaprésiasi karya sastra Sunda hususna novél.

Debbi Puspita Sari, 2017

ULIKAN SÉMIOTIK DINA NOVÉL DÉNG KARANGAN GODI SUWARNA PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVÉL DI KELAS XI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.5 Raraga Tulisan

Raraga tulisan dina ieu skripsi dipasing-pasing jadi lima (5) bab, nyaéta:

1) Bab I Bubuka

Dina bab I eusi nu dipedar nyaéta ngeunaan kasang tukang masalah panulis dina panalungtikan, idéntifikasi jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan boh éta mangpaat praktis atawa mangpaat tioritis, jeung raraga tulisan.

2) Bab II Ulikan Tiori

Dina bab II dipedar ngeunaan tiori-tiori nu pakaitna jeung analisis novél tur pangajaran basa. Tiori anu dipedar di antarana, novél (wangenan, kamekaran, papasingan), ulikan novél (wangenan sémiotik, ikon, indéks, jeung simbol), jeung bahan pangajaran maca novél di SMA.

3) Bab III Méhode Panalungtikan

Eusi dina bab III medar ngeunaan desain panalungtikan, sumber data, téhnik ngumpulkeun jeung ngolah data, instrumén panalungtikan, jeung léngkah-léngkah panalungtikan.

4) Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran

Dina ieu bab dipedar ngeunaan hasil jeung pedaran panalungtikan. Eusina medar ngeunaan analisis jeung pedaran unsur sémiotik novél *Déng* karangan Godi Suwarna anu dipatalikeun jeung bahan pangajaran di sakola.

5) Bab V Kacindekan jeung Saran

Bab V eusina medar ngeunaan kumaha panalungtik nafsirkeun hasil analisis panalungtikan anu ngawengku kacindekan jeung saran tina hasil panalungtikan.